

splash!

quick facts on...

# XERISCAPE:

KOUMAN POU NOU KONSÈVE DLO AK  
BON TEKNIK LÈ NOU AP WOUZE  
PLANT NOU YO.

23 ME, 2001

**The South Florida Water Management District** se youn ajans gouvenman ki responsab dlo nan rejyon pati sid Florid-la. Genyen senk ajans konsa nan eta Florid-la, se li ki la pi lontan e se li ki pi gwo.

Misyon ajans sa-a se pou-l administre e pwoteje resous dlo nan rejyon nou-an, sa vle di distribwe dlo-a egal ego, kenbe bonn kalite dlo-a, e kontrole dlo-a sitou nan inodasyon, nan sistèm naturel-li e nan distribisyon-l nan tout sid Florid-la.



Sea grape

Depi kèlke ane, zafè konsèvasyon dlo-a vini trè enpòtan pou nou tout nan Florida. Avèk popilasyon moun kap ogmante nan zòn la se pou nou konsève dlo pandan tout ane-a. Landscape se youn nan bagay ki mande plis dlo nan zòn abitab yo. Li ka rive men-m a 50% de tout dlo moun sèvi nan kay. Konsèvasyon dlo lè wap fè landscaping se sa ki Xeriscape.

Senpleman ou chwazi kalite plant, ti pye bwa, ti flè ki pi bon pou anviwonman avèk kèk ti metòd Xeriscape pou ou ka desan kantite dlo-w sèvi nan landscaping. Ou ka ekonomize 30% a 80% nan dlo-w sèvi deyò lakou-a lè-w fè yon Xeriscape landscape.

An plis de ekonomize dlo, Xeriscape landscape la ekonomize tan avèk lajan. Landscape ki fèt sou prensip Xeriscape la pa mande anpil travay pou-l fonksyone, li tolere sechrès, li reziste maladi avèk ti bèt tou.

Menm si landscape ou deja fèt osinon ou fèk ap komanse. Pran yon ti moman pou-w reflechi sou benefis dlo ki genyen nan Xeriscape landscape. Epi sonje, dlo-a se san peyi Florida. Pa senyen-l twòp. Plante avèk entelijans.

## Sèt (7) fason pou-w XERISCAPE

Menm si ou pa rekonèt mo sa-a, Xeriscape la itilize teknik landscaping ke pwofèsyonèl yo ap sèvi depi lontan. Lè-w suiv prensip senp sa yo ou ka pwofite jwi bote yon landscape nan Florida e an menm tan ou ekonomize dlo, tan avèk lajan.

**1. Planifye.** Yon bagay ki enpòtan anpil e ki durab nan Xeriscape landscape se planifikasyon. Lè-w pran tan pou-w planifye, ou ekonomize lajan ou ta pral investè nan Xeriscape landscape la paske li pral fèt etap pa etap. Premyèman, desine kay la ak tout lakou-a, tcheke ti plant, pwoblèm egou pou dlo desan, kalite plant ak pye bwa ki nan zòn-lan. Tcheke tout sa wap gen bezwen ki kote gen plis solèy, kote gen lombraj avèk kote kap bezwen fè dlo pase.

**2. Seleksyon Plant Yo.** Chwazi e gwoupe plant yo pa rapò a kantite solèy e kantite dlo yo bezwen pou-w pa gaspiye twòp dlo. Tcheke plan ou te fè-a pou-w ka detèmine ki kote nan 3 zòn sa yo nou pral pale-w yo plant yo dwe ye.

**Zòn Natirel.** Plant nan zòn sa ka viv ak dlo la pli tou sèl. Yo ka plant ki natif Florida osinon plant ke yo kiltive pou adapte nan Florida. Eseye konte plant ki abitye a sechrès nan Xeriscape ou-a. Plant sa yo deja fin abitye a klima e yo pap bezwen plis dlo.

**Zòn dlo ba (Ki tolere sechrès)** Plant ki nan zòn sa ka viv senpleman ak ti dlo la pli, men yo ka bezwen yon ti dlo lè gen tan sechrès.

**Zòn dlo modere (Oasis)** Zon sa yo ap bezwen pou-w toujou wouze yo. Se pou-w konsantre sou yo anpil nan Xeriscape landscape ou-a. Kenbe zòn sa an sante tankou nan antrans kote ou plante flè, zòn gazon, zòn ou fè ti jaden frui ak vejetab.

**3. Analize Tè-a.** Tcheke kantite asid avèk alkalèn (pH) ki nan tè-a avan-w plante. Ou ka ajoute anpil fimye nan tè-a pou fè-l pi solid pou dlo pa pase ladan-l tankou nan paswa.

**4. Pati Gazon Yo.** Gen varyete gazon ki bezwen plis dlo avèk swanyaj ke lòt pati nan landscape la. Toujou chwazi varyete ki ka reziste sechrès. A pa de kote ou bezwen pou zòn rekreyasyonèl avèk anpeche tè-a vin sèch, gade ki lòt bagay ou ka fè. Ou ka plante bèl ti plant, ti flè, ti jaden osinon ti twotwa pou moun mache. Eseye pa mete yon pakèt ti lin gazon tou long, yo pi difisil pou awoze.

**5. Awoze Byen.** Lè-w mete plant yo an gwoup dapre kantite dlo yo bezwen, ou ka enstale yon sistèm awozaj kap pi efikas. Sonje zòn natirel yo bezwen sèlman dlo lapli, plant nan zòn dlo ba-yo pa bezwen anpil dlo, men zòn dlo modere yo ap bezwen dlo tout tan. Tèt awozwa ki filtre pi bon pou gazon men kote ki gen jaden ak lòt plant li pi bon pou-w fè dlo koule. Tcheke sistèm awozaj la chak semen-n. Lè tèt awozwa yo mal ajiste, yo gaspiye dlo. Toujou tcheke tayming yo tou. Se pou-w wouze lè-w bezwen, e sitou lè maten pou dlo-a pa evapore vit.

Songe gen lwa nan Florida ki di si-w achte e ou enstale yon sistèm awozaj otomatik se pou li gen yon ti aparèy ki anpeche li mache lè anpil la pli fin tombe.

**6. Sèvi ak ti Kal Bwa.** Ti kal bwa yo empòtan pou Xeriscape. Yo kembe tè-a fre e yo ralanti evaporation. Lè-w mete 2 a 3 pous kal bwa nan jaden osinon ti wout andedan jaden-an, yo anpeche vye zèb pouse e yo ralanti sechrès. Itilize ti kal bwa, ti pay bwa, fèy, osinon mólch ki resikle.

**7. Fonksyonman Nòminal.** Xeriscape yo pa mande anpil atansyon tankou lòt landscape. Men ki sa pou nou sonje.

• Pa Wouze Twòp. Twòp dlo ap tiye plant yo e, yo pap an sante jan pou yo ta ye.

• Pa Mete Twòp Fimye. Twòp fimye fè yo grandi vit men an feblès e li ogmante kantite dlo yo bezwen. Sèvi avèk bon kalite fimye men pa anpil.

• Bay Plant yo ti Tchyas. Lè-w pa rache vye fèy ak vye branch li bwè plis dlo.

Sèvi avèk prensip Xeriscape nan landscape ou fasil, e sa pa koute anpil. Si-w suiv ti prensip sa yo ou ka chanje landscape ou an yon bèl Xeriscape. Yon Xeriscape ki ekonomize tan avèk lajan epi ki pwoteje anviwonman e li ekonomize yon bagay nou bezwen anpil, bagay sa-a se dlo.

Genyen youn pakèt pye bwa ak plant ki kapab ede nou konsève dlo. Genyen ladan yo ke nou pa konnen paske pa genyen yo an Ayiti. Mès alò genyen yo nan zòn pa bò isit. Si nou vle genyen yo, ale nan kote yo van plant.

Men lis plant yo:

## Plant pou kouvri tè-a: Xeriscape

Se yon bon ramplasman pou gazon. Yo pa mande anpil pou-w okipe yo paske yo pa bezwen anpil dlo.

## Pye Fru

A pa pye zoranj ak citron, gen anpil lòt pye frui ki tolere sechrès

## Trees

Bald cypress (*Taxodium distichum*)  
 Dahoon holly (*Ilex cassine*)  
 Geiger tree (*Cordia sebestena*)  
 Gumbo Limbo (*Bursera simaruba*)  
 Ironwood (*Krugiodendron ferreum*)  
 Live oak (*Quercus virginiana*)  
 Magnolia, southern  
 (*Magnolia grandiflora*)  
 Magnolia, sweet bay  
 (*Magnolia virginiana*)  
 Myrsine (*Rapanea guianensis*)  
 Paradise tree (*Simarouba glauca*)  
 Pigeon plum (*Coccoloba diversifolia*)  
 Red bay (*Persea borbonia*)  
 Red maple (*Acer rubrum*)  
 Sea grape (*Coccoloba uvifera*)  
 Silver buttonwood (*Conocarpus erectus* var. *sericeus*)  
 Simpson's stopper (*Myricanthes fragrans*)  
 Slash pine (*Pinus elliotii*)  
 Southern red cedar (*Juniperus silicicola*)  
 Trumpet tree (*Tabebuia spp.*)



Sweet bay magnolia

## Shrubs

Beautyberry (*Callicarpa americana*)  
 Cocoplum (*Chrysobalanus icaco*)  
 Coral bean (*Erythrina herbacea*)  
 Crinum lily (*Crinum asiaticum*)  
 Firebush (*Hamelia patens*)  
 Florida privet (*Forestiera segregata*)  
 Holly, Stokes dwarf (*Ilex vomitoria*)  
 Jamaica caper (*Capparis cyanophallophora*)  
 Marberry (*Ardisia escallonioides*)  
 Necklace pod (*Sophora tomentosa*)  
 Walter's viburnum (*Viburnum obovatum*)  
 Wax myrtle (*Myrica cerifera*)  
 White indigo berry (*Randia aculeata*)  
 White stopper (*Eugenia axillaris*)  
 Wild coffee (*Psychotria nervosa*)  
 Wild coffee, dwarf (*Psychotria ligustrifolia*)

## Palmis

Yo gen anpil fòm ak gwosè, palmis yo trè bèl nan Xeriscape.

## Palms and Cycads

Buccaneer or Sargent's palm  
 (*Pseudophoenix sargentii*)  
 Cabbage palm (*Sabal palmetto*)  
 Coontie (*Zamia pumila*)  
 Paurotis/Everglades palm  
 (*Acocelorrhaphe wrightii*)  
 Queen sago (*Cycas circinalis*)  
 Royal palm (*Roystonea elata*)  
 Saw palmetto (*Serenoa repens*)  
 Thatch palm (*Thrinax spp.*)



A successfully Xeriscaped yard

## Ti touf bwa

Pye bwa:  
 Florida gen yon klima ideyal pou plizyè kalite plant ki pa mande anpil dlo.

## Accent Grasses, Vines and Groundcovers

Bougainvillea (*Bougainvillea spectabilis*)  
 Coral honeysuckle (*Lonicera sempervirens*)  
 Cordgrass (*Spartina bakeri*)  
 Corky-stemmed passion-flower (*Passiflora suberosa*)  
 Fakahatchee grass (*Tripsacum dactyloides*)  
 Florida gama grass (*Tripsacum floridanum*)  
 Lantana, trailing (*Lantana montevidensis*)  
 Liriope (*Liriope muscaris*)  
 Mondo grass (*Ophiopogon japonicus*)  
 Purple love grass (*Eragrostis spectabilis*)  
 Railroad vine (*Ipomoea pes-caprae*)  
 Sea oats (*Uniola paniculata*)

## Annuals/Perennials/Wildflowers

Beach sunflower (*Helianthus debilis*)  
 Black-eyed Susan (*Rudbeckia hirta*)  
 Blanket flower (*Gaillardia pulchella*)  
 Lantana, pineland (*Lantana depressa*)  
 Lantana, wild (*Lantana involucrata*)  
 Pentas (*Pentas lanceolata*)  
 Porter weed (*Stachytarpheta jamaicensis*)  
 Sea oxeye daisy (*Borrchia frutescens*)  
 Spider lily (*Hymenocallis latifolia*)  
 Tickseed (*Coreopsis leavenworthii*)



Blanket flower

**Pou plis enfòmasyon sou Xeriscape, ale nan yon pepinyè osinon mande yon pwofesyonèl nan landscaping osinon kontakte Water Management District nan zòn pa-w la:**

**Planté Avèk Entèlijans.**



AF 5/25/01

[sfwmd.gov](http://sfwmd.gov)

South Florida Water Management District  
 3301 Gun Club Road  
 West Palm Beach, Florida 33406  
 561-686-8800 • FL WATS 1-800-432-2045  
[www.sfwmd.gov](http://www.sfwmd.gov)

MAILING ADDRESS: P.O. Box 24680  
 West Palm Beach, FL 33416-4680

### SERVICE CENTERS

Big Cypress Basin  
 941-597-1505  
 Broward  
 954-713-3200  
 Fort Myers  
 941-338-2929 or 800-248-1201  
 Florida Keys  
 305-289-2739 or 800-464-5067

Martin/St. Lucie  
 561-223-2600 or 800-250-4100  
 Miami/Dade  
 305-377-7274 or 800-250-4300  
 Okeechobee  
 863-462-5260 or 800-250-4200  
 Orlando  
 407-858-6100 or 800-250-4250  
 Palm Beach  
 561-682-6302 or 800-432-2045 ext. 6302